



6 fevriye 2024

Pou paran, gadyen, ak moun k ap bay swen elèv k ap vini nan jadendanfan:

Nan mwa jen 2023, Asanble Jeneral Connecticut te ogmante laj minimòm pou antre otomatik nan lekòl piblik nan Connecticut. Apati Jiyè 2024, Seksyon 1 nan Lwa Piblik 23-208 deklare ke timoun yo ap bezwen gen senk ane nan oswa anvan 1ye septanm nan ane lekòl la pou yo ka otomatikman elijib pou enskri nan Kindergarten. Pou li plis sou desizyon Eta Connecticut la, [klike la a](#).

Norwich te rasanble yon Ekip Aprantisaj Bonè pou devlope pwosesis ke nou pral swiv pou adrese chanjman sa a. Tanpri konsidere opsyon sa yo pou enskripsyon pitit ou a pou ane lekòl 2024-2025 la.

1. Si pitit ou a gen senkan sou oswa ANVAN 1ye septanm 2024, gade anba a epi suiv senaryo a oswa b:
 - a. Si pitit ou a deja enskri nan Lekòl Piblik Norwich epi li ale nan PreK nan youn nan lekòl elemantè nou yo, pitit ou a pral otomatikman enskri nan Kindergarten. Kontinye mete ajou dosye medikal pitit ou a si sa nesèsè.
 - b. Si pitit ou a pa patisipe nan yon pwogram PreK nan Lekòl Piblik Norwich, tanpri enskri pitit ou a pou Jadendanfan lè w suiv pwosedi enskripsyon yo jwenn nan [Enskripsyon PreK-8 nan Lekòl Piblik Norwich](#).
2. Si pitit ou a gen kat ane kounye a epi li gen senkan APRÈ 1ye septanm 2024, ou ka chwazi youn nan opsyon sa yo:
 - a. Enskri pou antre nan pwogram Pre K Early Learning nou yo. Swiv lyen sa a pou plis enfòmasyon ak enskri.
 - b. Kontinye kenbe pitit ou a lakay ou oswa nan youn lòt sant aprantisaj bonè oswa gadri.
 - c. Ranpli fòm egzansyon an anvan **15 mas 2024** si ou ta renmen yo konsidere pitit ou a pou enskripsyon bonè nan jadendanfan.
 - i. [Demann Konsiltasyon Early Kindergarten](#)

Ekip Early Learning la pral kontakte paran ki ranpli fòm egzansyon an pou plis evalyasyon.

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Tracey Swinson, asistan administratif, nan Early Learning Center nan 860-823-4206 ext. 2613.

Tout bon bagay,

Susan M. Lessard

Sipèentandan enterimè

Contact Translations Services at 860.823.4211 x7795 or ts@norwichpublicschools.org for translations in Spanish, Haitian Creole or Chinese.
Para servicios de traducción contáctenos al 860.823.4211 x7795 o al correo ts@norwichpublicschools.org para traducciones en Español, Criollo Haitiano o Chino.
如果您需要翻译服务, 请拨打 860.823.4211 x7795 或者 ts@norwichpublicschools.org 可翻译的语言有西班牙语, 海地/海地克里奥尔语, 和中文。
Pou ayisyon ki pale kreol selman, si ou gen on dokiman ou bezwen tradwi, kontakte nou nan nimerò sa 860.823.4211 x7795 ou byen sou entenet nan ts@norwichpublicschools.org Nou tradwi tou an panyòl ak chinwa.